# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы билим сыпатын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 14-апрельдеги «Айрықша билимге зәрүрлиги болған балалар қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин аттестациядан өткериў хаққында»ғы 30-кқ-санлы, 19-кқ-санлы қарарлары туўралы**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 13-октябрьдеги ПҚ4860-санлы қарары менен тастыйықланған 2020-2025-жылларда ҳалық билимлендириў системасында инклюзив билимди раўажландырыў концепциясын 2020-2021-жылларда әмелге асырыў бойынша «Жол картасы»нда белгиленген ўазыйпаларды тәмийинлеў ушын, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы билим сыпатын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 14-апрельдеги «Айрықша билимге зәрүрлиги болған балалар ушын қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин аттестациядан өткериў хаққында»ғы 30-кқ-санлы, 19-кқ-санлы қарарларын орынлаў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы билим сыпатын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 14-апрельдеги «Айрықша билимге зәрүрлиги болған балалар ушын қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин аттестациядан өткериў хаққында»ғы 30-кқ-санлы, 19-кқ-санлы қарарлары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Усы қарар менен:

-халық билимлендириў министрлигине қараслы Айрықша билимге зәрүрлиги болған балалар ушын қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин график тийкарында 2021-жыл 29-30-апрель аралығында аттестация болып өтетуғынлығы;

-айрықша билимге зәрүрлиги болған балалар ушын қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин аттестациядан өткериў бойынша комиссия қурамы 1-қосымшаға муўапық;

-аттестация нәтийжелери бойынша берилген арза ҳәм шағым арзаларын көрип шығыў ушын аппеляция комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық;

- қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин аттестациядан өткериў кестеси 3-қосымшаға муўапық;

- қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелериниң басшы хызметкерлерин аттестациядан өткериў бойынша үлги саўалнамасы 4-қосымшаға тастыйықланғанлығы;

- комиссия тәрепинен аттестациядан өтиўшиниң хызмети қаныққарсыз болған хаққында берилген жуўмақ, ҳызметкерлердиң тәжрибеси жетерли емеслигин тастыйықлаўшы дәлиллерден бири болып есапланатуғынлығы ҳәмде ис бериўши тәрепинен хызметкер менен дүзилген мийнет шәртнамасы Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 100 - статьясы екинши бөлиминиң 2-бәнтине тийкар, бийкарлаў яки бос (вакант) лаўазымлар болған жағдайда басқа лаўазымға өткериў ушын тийкар болатуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Халық билимлендириў министрлигиниң «Балаларды социаллық қорғаў ҳәм қоллап-қуўатлаў» секторы қәнигеси (Г.Бегжанова)не:

-аттестациядан өтиўшилерди өз ўақтында қатнасыўын тәмийинлеў;

- усы буйрықты бәрше аттестациядан өтиўши ҳызметкерлергелерге жеткериў, аттестация әдиллик, обьективлик ҳәм ашық айдын түрде өткерилиўиң тәмийнлеў ўазыйпалары таспсырылсын.

4. Халық билимлендириў министрлигиниң кадрлар бөлими баслығы(С.Жуманиязовқа):

- аттестация нәтийжелери бойынша хызметин қанаатланарсыз деп табылған ҳәмде себепсиз қатнаспаған ҳызметкерлерге мийнет нызамларына муўапық шара көрилиўине усынıслар бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. Халық билимлендириў министрлигиниң «Хабар-коммуникация технологияларын ең жайдырыў ҳәм раўажландырыў» бөлими баслығы (Р.Худайбергенов)на:

- тест сынаўлары өткерилетуғын аудиторияны интернет тармағына жалғастырыў, компьютер техникалары менен үскенелеў ҳәм олардың үзиликсиз ислеўин тәмийинлеў;

- аттестация өтетуғын аудиторияны техник қураллары менен (фото, ҳәм видео тусириўши апппаратлары) менен тәмийинлеў ҳәмде шараятларды жаратыў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Усы буйрықтын орынланыўын қадағалаўды өзиме қалдыраман.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «23» апрель
111-санлы